



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 14 MILYON DOLA POU KONSTWI AK PREZÈVE 256 APATMAN ABÒDAB NAN REJYON FINGER LAKES

L ap Fè Pati yon Investisman 175 Milyon Dola pou Ofri 2,185 Lojman Abòdab Toupatou Atravè Eta a

Investisman an ap Konplemanste Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde 14 milyon dola bay kat devlopman lojman ki nan pri abòdab nan Rejyon finger Lakes ki pral kreye oswa prezève 256 lojman ki nan pri abòdab. Finansman an fè pati 175.4 milyon dola eta a ap akòde pou konstwi oubyen prezève plis pase 2,185 apatman abòdab ak revitalize kominote atravè 10 rejyon New York yo. Investisman k ap fèt nan rejyon Finger Lakes la yo ap konplemanste pwogram Finger Lakes Forward la, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè.

"Investisman vital sa yo pral ranfòse kominote nan chak kwen eta a lè li kreye ak konsève kay abòdab pou fanmi, ansyen konbatan, granmoun aje ak kèk nan vwazen ki pi vilnerab nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou estratejikman revitalize katye atravè New York yo, nou ka reyanime yon nouvel vi anndan kominote sa yo, pou fè yo vin tounen espas ki pi vibran pou anpil jenerasyon k ap vini ankò."

"Finansman konsiderab sa a fè pati efò nou ap fè pou nou ajoute ak konsève lojman nan pri abòdab atravè eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou vle asire ke tout Nouyòkè gen aksè a bon kalite apatman nan pri abòdab pandan n ap kontribye nan revitalizasyon kominote yo. Investisman an fè pati plan lojman 20 milya dola nou an pou ajoute lojman abòdab ak sipèvize nan katye yo pou konbat fenomèn sanzabri ak amelyore kalite lavi."

Angajman Gouvènè an pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa reflekte nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè y ap konstwi epi prezève 100,000 inite lojman ki nan yo pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipèvize.

Fon yo te disponib atravè Aplikasyon Finansman Inifye (Unified Funding Application) 2018 Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) Eta New York la, ki se yon pwosesis rasyonnalize pou aplike pou Kredi Taks Lojman pou Moun a Revni Fèb yo (Low-Income Housing Tax Credits) ak prè ki gen enterè fèb pou devlopman kolektif abòdab yo. Yo te finanse pwojè nan chak rejyon eta a yo.

Sibvansyon rejyon Finger Lakes yo pral agrandi disponiblite lojman pou granmoun aje yo ak lojman sipèvize nan kominote toupatou atravè rejyon an. Sibvansyon yo anonse jodi a yo gen ladan:

- 6.3 milyon dola pou La Rosa Villas nan Vilaj Le Roy, k ap kreye 60 apatman abòdab pou gramoun aje yo touprè Main Street ak mwayen transpò vilaj la.
- 2.5 milyon dola pou Stanton Meadows Apartments, k ap prezève 118 abòdab nan Vil Seneca Falls.
- 1.7 milyon dola pou Happiness Houses II, k ap kreye 30 lojman abòdab ak lojman sipèvize nan Vil Canandaigua pou fanmi ki gen revni fèb, gramoun aje ak moun ki sanzabri yo.
- 3.4 milyon dola pou Frances Apartments II, k ap kreye 48 apatman abòdab nan Vil Sweden nan yon distri lekòl trè pèfòman.

Yon lis konplè finansman yo atribiye atravè tout eta a disponib [isit la](#).

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare, "Envestisman yo te anonse jodi a fè pati 175 milyon dola yo te akòde atravè Eta a pou ajoute sou elan ak resous san presedan Gouvènè Cuomo te angaje pou amelyore kominote New York yo depi 2011. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, n ap fè plis efò pase jamè avan pou nou ogmante aksè a lojman abòdab ak lojman sipèvize, redui kantite moun ki sanzabri, revitalize katye yo ak ranfòse ekonomi lokal yo."

Senatè Brian Kavanagh, ki se Prezidan Komite Lojman Sena a (Senate Housing Committee), te deklare, "Nou bezwen asire ke Nouyòkè atravè eta a yo gen aksè a bon jan kalite lojman sekirize ki nan pri abòdab, epi anons prim Finansman Inifye jodi a make yon etap enpòtan nan direksyon anvè revitalizasyon kominote nou yo. Finansman sa a pral ede kreye ak konsève lojman abòdab, epi kenbe moun yo nan katye yo kote yo rete a."

Senatè Pam Helming te deklare, "Lojman sekirite ki nan pri abòdab esansyèl pou reyisit kominote nou yo ak pou ekonomi lokal nou an. Lè rezidan yo gen lojman konvnan, yo ka kontribiye nan byennèt ak kalite lavi rejyon nou an alafwa antanke travayè ak antanke konsomatè. Siksè biznis k ap kreye djòb nou yo depann an tou premye lye de siksè fanmi nou yo ak kominote nou yo ki bezwen lojman fyab ki nan pri abòdab, pou yo ka devlope ak pwospere. Pwojè sa yo ki pral prezève apatman abòdab yo nan Seneca Falls epi kreye lojman sipèvize nan Canandaigua pral ede amelyore opsyon lojman alafwa pou fanmi yo, granmoun aje yo, ak lòt moun nan kominote nou yo. Envestisman sa a Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la ap fè a enpòtan epi se yon envestisman pwometè pou Seneca Falls ak Geneva. Pwojè tankou sila sa yo ap ede estimile devlopman ekonomik ak kreyasyon djòb ansanm ak sipòte rezidan nou yo. Mwen atann pou m kontinye travay avèk ak onon rejyon nou an, epi mwen swete Stanton Meadows Apartments ak Happiness Houses II jwenn anpil siksè pandan pwojè sa yo ap vanse".

Senatè Robert Ortt te deklare, "Pwojè Frances II a nan Sweden pral ede kontinye efò planifikasyon ak devlopman ekonomik reyisi vil la yo pandan l ap satisfè yon bezwen enpòtan ki genyen pou lojman ki nan pri abòdab. Mwen santi plis ankourajman ankò paske 25 pousan nan inite yo pral sipòte moun ki gen enkapasite entèlektyèl ak

devlopmantral - sa k ap ofri moun sa yo lojman aksesib pou yo ka viv lavi yo nan fason endepandan".

Senatè Mike Ranzenhofer te deklare, "Envesti nan rejyon nou an rete ekstrèmman enpòtan, epi mwen kontan paske yo te akòde finansman bay LeRoy pou pwojè lojman pou granmoun aje yo a. Sa fè m plezi pou m wè kreyasyon lojman abòdab pou granmoun aje yo, pou yo kapab kontinye rete nan kominote a".

Brian Kolb, ki se Lidè Minorite Asanble a, te deklare, "Kominote yo pwospere lè yo bay chak rezidan yon chans ekitab pou yo jwenn siksè. Lè nou asire gen lojman ki nan pri abòdab pou sila ki plis bezwen yo, nou ap reyafime pwomès nou fè antanke lejislasyon pou nou bay chak Nouyòkè yon opòtinite pou yo pwospere. Yo bezwen plis lojman ki nan pri abòdab nan Rockland, Konte Erie ak tout pwen entèmedyè yo, epi Rejyon Finger Lakes la pa fè eksepsyon. Mwen sèten ke investisman sa a pral grandman benefik pou ekonomi rejyon an epi l ap amelyore kalite lavi sila yo ki fyè pou yo viv nan zòn sa a".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a (Assembly Housing Committee) te di, "Inisyativ sa a ap fè vanse angajman nou kontinye pran pou n kreye ak konsève estòk lojman abòdab ak lojman sipèvize pou tout Nouyòkè yo, espesyalman moun ki pi vilnerab nou yo. Mwen kontan paske pwojè sa a pral ofri granmoun aje, jèn adilt ak lòt Nouyòkè posiblite pou yo rete manm vital ak angaje nan kominote nou yo".

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a ap konplèman pwogram "Finger Lakes Forward" la, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja investè plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 pou tabli fondasyon pou plan an – lè li investè nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investè.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola. Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investè plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)